

**Fòm Pou Mande Otorizasyon Fanmi Ki Plase Nan Otèl Asistans Pou Ijans [Emergency Assistance (EA)]  
Pase Lanwit Deyò**

**Enstriksyon**

Tout yon Fwaye EA kapab pran jiska kat nwit (kote yo dòmi) deyò yon otèl chak mwa, **men w ap bezwen mande pèmisyon nan men Depatman Lojman ak Devlopman Kominote [Department of Housing & Community Development (DHCD)] avan.** Si ou pa rete nan otèl la pandan de nwit oswa plis youn apre lòt, san pèmisyon oswa yon bon rezon pou fè sa, yo kapab retire ou nan pwogram nan.

Epitou yon manm fanmi an kapab pran kèk nwit li pa dòmi nan otèl la poukont li san rès fanmi an. **W ap bezwen mande otorizasyon pou nenpòt manm fanmi an pa dòmi nan otèl la nenpòt nwit.** Yo kapab refize bay pèmisyon pou nenpòt manm fanmi ki deyò pou plis pase yon nwit alafwa, amwenske gen yon bon rezon pou li fè tout tan sa a deyò.

Pou mande pèmisyon, ranpli fòm sa a epi voye li pa faks bay DHCD, reprezantan Direktè Adjwen an (otèl la gen pou bay non ak nimewo faks li) omwen 2 jou travay avan fwaye ou oswa nenpòt manm nan fwaye ou pase nwit la deyò otèl ou a.

Si ou mande pou pase lanwit deyò nan pi piti pase 2 jou travay avan ou gen plan pou deyò a, w ap bezwen eksplike poukisa ou pa te mande pèmisyon an a tan. Si ou dòmi deyò apre ou mande pèmisyon an reta epi pou pa te gen pèmisyon avan ou pati, DHCD kapab refize demann ou a apre ou fin pati epi y ap konsidere ou vyole règ yo. Sa kapab lakòz nou koupe avantaj lojman ou.

Si tout fwaye a bezwen pase plis pase 4 jou youn apre lòt deyò, w ap bezwen mande yon Entèripsyon Lojman Ijans Tanporè [Temporary Emergency Shelter Interruption (TESI)]. Kontakte Kowòdonatè Pou Sanzabri ou pou mande yon TESI.

**Demann Pou Pase Lanwit Deyò**

**Non moun k ap fè demann nan:** \_\_\_\_\_

Sa a se yon demann pou pa dòmi nan Otèl \_\_\_\_\_, Chanm \_\_\_\_\_ pandan nwit sa yo:

(mete tout dat yo): \_\_\_\_\_.

Demann sa a se pou [chwazi youn]: \_\_\_\_\_ tout fwaye a nèt oswa \_\_\_\_\_ yon pati nan fwaye a.

Si ou te chwazi yon pati nan fwaye a, mete non moun nan fanmi ki k ap pati a: \_\_\_\_\_

Rezon w ap mande pou dòmi deyò pou yon moun nan fwaye a:

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Si ou soumèt demann sa a nan pi piti pase 2 jou avan dat ou bezwen dòmi deyò a, eksplike poukisa:

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Siyati Moun k ap fè Demann Nan: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Telefòn mobil kote nou kapab kontakte ou, si genyen: \_\_\_\_\_

**Voye fòm sa a pa faks bay reprezantan Direktè Adjwen an nan nimewo otèl la ba ou. Otèl a ap ba ou yon nimewo telefòn pou rele pou konfime yo te resevwa li.** Otèl la ap voye fòm sa a pa faks pou ou gratis. DHCD ap fè ou konnen si yo te otorize demann ou a ou pa. Si ou pa tande DHCD nan 2 jou travay, ou kapab sipoze yo te otorize demann ou a.

***Pou Direktè Adjwen oswa reprezantan li ranpli***

Otorize  Otorize ak chanjman sa yo:  Pa otorize

Mete rezon ou pa otorize li:

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Siyati Anplwaye DHCD: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Ekri non Anplwaye DHCD k ap siyen an lèt yo detache avèk nimewo telefòn li: \_\_\_\_\_